

BAB IV

HASIL JEUNG PEDARAN PANALUNGTIKAN

Ieu bab ngaguar ngeunan hasil tina panalungtikan. Hal anu dipedar ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran panalungtikan.

4.1 Hasil Panalungtikan

Dumasar kana panalungtikan nu geus dilakukeun, hasil panalungtikan dipedar dina ieu subbab. Hasil panalungtikan ngaguar kamampuh siswa saméméh dilaksanakeun modél *Project Based Learning* dina pangajaran pakeman basa, kamampuh siswa sabada dilaksanakeun modél *Project Based Learning* dina pangajaran pakeman basa, ogé bédana kamampuh siswa saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél *Project Based Learning* dina pangajaran pakeman basa.

4.1.1 Kamampuh Siswa Saméméh dilaksanakeun Modél *Project Based Learning* dina Pangajaran Pakeman Basa

Dina ieu panalungtikan mibanda data tina hasil *pretest* anu dilakukeun ka siswa. Hasil tina *pretest* ngaliwatan pilihan ganda anu ngawengku 15 soal pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa. Kamampuh awal siswa saméméh dilaksanakeun modél *Project Based Learning* dipedar dina tabél di handap.

Tabél 4.1
Kamampuh Awal Siswa

Hasil Pretest Siswa										
Kode Siswa	Aspék Peunteun							Skor	Peunteun	Katégori
	P	B	RL	CC	U	CR	PR			
SKE01	1	3	1	0	0	1	2	8	53	Cukup
SKE02	0	1	1	1	2	1	0	6	40	Kurang
SKE03	2	1	1	1	2	0	1	8	53	Cukup
SKE04	1	1	1	2	1	1	1	8	53	Cukup
SKE05	2	2	1	1	1	1	1	9	60	Cukup

Hasil Pretest Siswa										
Kode Siswa	Aspek Peunteun							Skor	Peunteun	Kategori
	P	B	RL	CC	U	CR	PR			
SKE06	1	2	1	1	0	1	2	8	53	Cukup
SKE07	2	1	1	0	1	1	0	6	40	Kurang
SKE08	2	2	0	2	0	1	2	9	60	Cukup
SKE09	2	1	1	1	1	1	1	8	53	Cukup
SKE10	2	2	1	2	0	1	1	9	60	Cukup
SKE11	1	2	2	0	1	0	1	7	47	Cukup
SKE12	2	2	0	0	0	0	2	6	40	Kurang
SKE13	2	1	1	2	1	1	1	9	60	Cukup
SKE14	2	3	1	2	2	0	0	10	67	Cukup
SKE15	1	2	1	0	1	0	1	6	40	Kurang
SKE16	1	1	1	1	1	1	0	6	40	Kurang
SKE17	1	1	0	1	1	2	1	7	47	Cukup
SKE18	2	0	1	1	1	1	2	8	53	Cukup
SKE19	1	1	0	1	1	1	1	6	40	Kurang
SKE20	1	1	1	2	0	0	1	6	40	Kurang
SKE21	1	3	0	0	1	1	0	6	40	Kurang
SKE22	1	1	1	1	1	2	1	8	53	Cukup
SKE23	1	3	1	2	1	1	1	10	67	Cukup
SKE24	2	3	1	0	0	0	0	6	40	Kurang
SKE25	1	2	1	1	1	1	1	8	53	Cukup
SKE26	1	1	1	2	2	0	1	8	53	Cukup
SKE27	0	1	2	2	1	1	1	8	53	Cukup
SKE28	2	3	1	1	1	1	0	9	60	Cukup
SKE29	1	2	0	1	0	1	1	6	40	Kurang
SKE30	1	1	2	1	1	1	1	8	53	Cukup
SKE31	2	2	1	1	1	1	1	9	60	Cukup
SKE32	1	3	1	1	0	1	2	9	60	Cukup
Σ	43	55	29	34	27	25	29	245	1633	
\bar{x}	1	2	1	1	1	1	1	8	51	
%	67%	57%	45%	53%	42%	39%	45%			

Keterangan:

P : Paribasa (kamampuh paribasa)

B : Babasan (kamampuh babasan)

RL : Rakitan Lantip (kamampuh rakitan lantip)

CC : Cacandran (kamampuh cacandran)

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPERIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

U	: Uga (kamampuh uga)
CR	: Caturangga (kamampuh caturangga)
PR	: Panyaraman (kamampuh panyaraman)
Σ	: niléy total
%	: perséntase
\bar{x}	: Rata-rata <i>pretest</i>

Dumasar kana aspék peunteun dina tabél di luhur, kamampuh siswa saméméh dilaksanakeun modél *Project Based Learning* dina pakeman basa bisa diguar saperti ieu di handap.

a) Paribasa

Kamampuh siswa kana maham paribasa kawilang “kurang” kalawan rata-rata peunteun 1. Hartina sababaraha siswa can miboga pamahaman ngeunaan paribasa.

b) Babasan

Kamampuh siswa kana maham babasan kawilang “kurang” kalawan rata-rata peunteun 2. Hartina loba kénéh siswa anu can maham kana babasan.

c) Rakitan Lantip

Kamampuh siswa kana maham rakitan lantip kawilang “kurang” kalawan rata-rata peunteun 1. Hartina masih loba siswa anu can maham kana rakitan lantip.

d) Cacandran

Kamampuh siswa kana maham cacandran kawilang “kurang” kalawan rata-rata peunteun 1. Hartina masih loba siswa anu can maham kana cacandran.

e) Uga

Kamampuh siswa kana maham cacandran kawilang “kurang” kalawan rata-rata peunteun 1. Hartina masih loba siswa anu can maham kana uga.

f) Caturangga

Kamampuh siswa kana maham caturangga kawilang “kurang” kalawan rata-rata peunteun 1. Hartina masih loba siswa anu can maham kana cacandran.

g) Panyaraman

Kamampuh siswa kana maham caturangga kawilang “kurang” kalawan rata-rata peunteun 1. Hartina masih loba siswa anu can maham kana panyaraman.

Kamampuh siswa dina pangajaran pakeman basa bisa dicindekkeun ngaliwatan katégorisasi anu ngawengku lima aspék katégorisasi. Hasil katégorisasi bia ditilik dina tabél di handap.

Tabél 4.2

Katégorisasi Kamampuh Awal Siswa

Kritéria	Interval	Frékuénsi
Kurang Pisan	$X < 19$	0
Kurang	$19 < X \leq 44$	10
Cukup	$44 < X \leq 69$	22
Hadé	$69 < X \leq 94$	0
Hadé Pisan	$X > 94$	0
Total		32

Dumasar dina tabél katégori jeung *frekuensi* kamampuh siswa saméméh dilaksanakeun modél *Project Based Learning*. Katégori kahiji nyaéta “Kurang Pisan” kalawan *frekuensi* 0, hartina siswa euweuh nu maham kana pakeman basa. Katégori kadua nyaéta “Kurang” kalawan *frekuensi* 10, hartina aya 10 urang nu kaasup kana katégori “Kurang” dina maham pakeman basa. Katégori katilu nyaéta “Cukup” anu miboga *frekuensi* 22, hartina aya 22 urang siswa nu asup kana katégori “Cukup” dina maham pakeman basa. Katégori nu kaopat nyaéta “Hadé” kalawan *frekuensi* 0, hartina euweuh nu maham kana pakeman basa. Katégori nu kalima nyaéta “Hadé Pisan” kalawan *frekuensi* 0, hartina can aya siswa nu mampuh kana pakeman basa. Ku sabab *frekuensi* panglobana aya dina katégori “Cukup” nu jumlahna 22 urang, kamampuh saméméh dilaksanakeun modél *Project Based Learning* dina pangajaran pekeman basa kaasup kana katégori “Cukup”. Sacara leuwih jéntré kamampuh awal siswa dina pangajaran pakeman basa bisa katitén dina diagram 4.1.




Diagram 4.1

Kamampuh Awal Siswa

Dumasar kana diagram 4.1 di luhur mangrupa kamampuh awal siswa dumasar aspék peunteun. *Persentase* panglobana dina katégori kamampuh kana paribasa (P) nyaéta 19%, tuluy babasan (B) 17%, cacandran (CC) 15%, rakitan lantip (RL) jeung panyaraman (PR) 13%, tuluy uga (U) 12% jeung caturangga (CR) 11%.

4.1.2 Kamampuh Siswa Saenggeus dilaksanakeun Modél *Project Based Learning* dina Pangajaran Pakeman Basa

Lawungan satuluyna siswa migawé *posttest* anu ngawengku 15 soal pilihan ganda pikeun diukur tur dipikanyaho hasil kamampuhna saenggeus dilaksanakeun modél *Project Based Learning*. Di handap mangrupa tabél tina hasil *posttest* anu geus dilakukeun ka siswa.

Tabél 4.3

Kamampuh Ahir Siswa

Hasil Posttest Siswa										
Kode Siswa	Aspék Peunteun							Skor	Peunteun	Katégori
	P	B	RL	CC	U	CR	PR			
SKE01	2	3	2	1	1	1	1	11	73	Hadé
SKE02	2	2	1	1	2	2	1	11	73	Hadé
SKE03	2	3	2	2	2	2	1	14	93	Hadé
SKE04	2	3	1	2	2	2	2	14	93	Hadé
SKE05	2	3	1	1	2	1	2	12	80	Hadé

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPERIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hasil Posttest Siswa										
Kode Siswa	Aspék Peunteun							Skor	Peunteun	Kategori
	P	B	RL	CC	U	CR	PR			
SKE06	1	3	2	1	2	1	2	12	80	Hadé
SKE07	2	3	1	1	2	1	1	11	73	Hadé
SKE08	2	3	2	2	2	1	2	14	93	Hadé
SKE09	2	2	2	2	2	2	2	14	93	Hadé
SKE10	2	3	2	2	2	2	2	15	100	Hadé Pisan
SKE11	2	2	2	1	2	1	1	11	73	Hadé
SKE12	2	2	1	1	2	1	2	11	73	Hadé
SKE13	2	3	2	2	2	2	2	15	100	Hadé Pisan
SKE14	2	3	2	2	2	2	1	14	93	Hadé
SKE15	1	2	1	0	2	2	1	9	60	Cukup
SKE16	1	3	1	1	1	2	2	11	73	Hadé
SKE17	2	2	1	2	2	2	1	12	80	Hadé
SKE18	2	2	2	2	2	2	2	14	93	Hadé
SKE19	2	1	1	1	2	1	1	9	60	Cukup
SKE20	2	3	1	2	2	0	1	11	73	Hadé
SKE21	2	3	1	1	1	1	0	9	60	Cukup
SKE22	2	3	2	1	1	2	1	12	80	Hadé
SKE23	2	3	2	2	2	2	2	15	100	Hadé Pisan
SKE24	2	3	1	0	1	1	1	9	60	Cukup
SKE25	2	3	2	2	1	2	2	14	93	Hadé
SKE26	2	3	1	2	2	2	2	14	93	Hadé
SKE27	2	3	2	2	1	2	2	14	93	Hadé
SKE28	2	3	1	2	2	2	2	14	93	Hadé
SKE29	2	3	2	2	1	1	1	12	80	Hadé
SKE30	2	3	2	1	1	2	1	12	80	Hadé
SKE31	2	3	2	2	2	2	2	15	100	Hadé Pisan
SKE32	2	3	2	2	2	2	2	15	100	Hadé Pisan
Σ	60	87	49	48	56	51	48	400	2667	
\bar{x}	2	3	2	2	2	2	2	13	83	
%	94%	91%	77%	75%	88%	80%	75%			

Keterangan:

P : Paribasa (kamampuh paribasa)

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPERIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

B	: Babasan (kamampuh babasan)
RL	: Rakitan Lantip (kamampuh rakitan lantip)
CC	: Cacandran (kamampuh cacandran)
U	: Uga (kamampuh uga)
CR	: Caturangga (kamampuh caturangga)
PR	: Panyaraman (kamampuh panyaraman)
Σ	: niléy total
%	: perséntase
\bar{x}	: Rata-rata <i>posttest</i>

Dumasar kana aspék peunteun dina tabél di luhur, kamampuh siswa kelas ékspérimén sabada dilaksanakeun modél *Project Based Learning* dina pakeman basa bisa diguar saperti di handap.

a) Paribasa

Kamampuh siswa kana maham paribasa kawilang “hadé” kalawan rata-rata peunteun 2. Hartina siswa geus miboga pamahaman ngeunaan paribasa sabada dilakukeun *treatment*.

b) Babasan

Kamampuh siswa kana maham babasan kawilang “hadé” kalawan rata-rata peunteun 3. Hartina loba siswa anu geus maham kana babasan sabada dilakeukeun *treatment*.

c) Rakitan Lantip

Kamampuh siswa kana maham rakitan lantip kawilang “hadé” kalawan rata-rata peunteun 2. Hartina loba siswa anu geus maham kana rakitan lantip sabada dilakukeun *treatment*.

d) Cacandran

Kamampuh siswa kana maham cacandran kawilang “hadé” kalawan rata-rata peunteun 2. Hartina loba siswa anu geus maham kana cacandran sabada dilakukeun *treatment*.

e) Uga

Kamampuh siswa kana maham cacandran kawilang “hadé” kalawan rata-rata peunteun 2. Hartina loba siswa anu geus maham kana uga sabada dilakukeun *treatment*.

f) Caturangga

Kamampuh siswa kana maham caturangga kawilang “hadé” kalawan rata-rata peunteun 2. Hartina loba siswa anu geus maham kana cacandran sabada dilakukeun *treatment*.

g) Panyaraman

Kamampuh siswa kana maham caturangga kawilang “hadé” kalawan rata-rata peunteun 2. Hartina loba siswa anu geus maham kana panyaraman sabada dilakukeun *treatment*.

Kamampuh siswa dina pangajaran pakeman basa bisa dicindekkeun ngaliwatan katégorisasi anu ngawengku lima aspék katégorisasi. Hasil katégorisasi bisa ditilik dina tabél di handap.

Tabél 4.4

Katégorisasi Kamampuh Ahir Siswa

Kritéria	Interval	Frékuénsi
Kurang Pisan	$X < 19$	0
Kurang	$19 < X \leq 44$	0
Cukup	$44 < X \leq 69$	4
Hadé	$69 < X \leq 94$	23
Hadé Pisan	$X > 94$	5
Total		32

Dumasar tabél 4.4, dipedar katégori jeung *frekuensi* kamampuh siswa saenggeus dilaksanakeun modél *Project Based Learning*. Katégori kahiji nyaéta “Kurang Pisan” kalawan *frekuensi* 0, hartina siswa euweuh nu teu maham kana pakeman basa. Katégori kadua nyaéta “Kurang” kalawan *frekuensi* 0, hartina euweuh nu teu maham pakeman basa. Katégori katilu nyaéta “Cukup” anu miboga *frekuensi* 4, hartina aya 4 urang siswa nu asup kana katégori “Cukup” dina maham pakeman basa. Katégori nu kaopat nyaéta “Hadé” kalawan *frekuensi* 23, hartina 23 urang nu geus maham kana pakeman basa kalawan katégori hadé. Katégori nu kalima nyaéta “Hadé Pisan” kalawan *frekuensi* 5, hartina geus aya siswa nu mampuh kana pakeman basa kalawan kategori hadé. Ku sabab *frekuensi* panglobana aya dina

katégori “Hadé” nu jumlahna 23 urang, kamampuh saenggeus dilaksanakeun modél *Project Based Learning* dina pangajaran pekeman basa kaasup kana katégori “Hadé”. Sacara leuwih jéntré kamampuh ahir siswa dina pangajaran pakeman basa bisa katitén dina diagram di handap.




Diagram 4.2

Kamampuh Ahir Siswa

Dumasar diagram 4.2 di luhur, kamampuh ahir saenggeus dilakukeun modél *Project Based Learning* dumasar kana aspék peunteun. *Persentase* panglobana nyaéta dina katégori paribasa (P), babasan (B), uga (U), caturangga (CR), rakitan lantip (RL), tuluy cacandran (CC) jeung panyaraman (PR).

4.1.3 Bédana Kamampuh Siswa Saméméh jeung Saenggeus dilaksanakeun Modél *Project Based Learning* dina Pangajaran Pakeman Basa

Bédana kamampuh siswa saméméh jeung sabada dilaksanakeun *treatment* bisa katitén ku ayana hasil *pretest* jeung *posttest*. Ieu di handap mangrupa bédana niléy kamampuh siswa saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél *Project Based Learning* dina pangajaran pakeman basa.

Tabél 4.5

Bédana Kamampuh Siswa

	P	B	RL	CC	U	CR	PR	Niléy
\bar{x} P1	1	2	1	1	1	1	1	51
\bar{x} P2	2	3	2	2	2	2	2	83

Keterangan:


Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPERIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

P	: Paribasa (kamampuh paribasa)
B	: Babasan (kamampuh babasan)
RL	: Rakitan Lantip (kamampuh rakitan lantip)
CC	: Cacandran (kamampuh cacandran)
U	: Uga (kamampuh uga)
CR	: Caturangga (kamampuh caturangga)
PR	: Panyaraman (kamampuh panyaraman)
\bar{x} P1	: Rata-rata tés awal (<i>pretest</i>)
\bar{x} P2	: Rata-rata tés ahir (<i>posttest</i>)

Dumasar tabél 4.5, katitén yén tina aspék peunteun anu ngawengku jinis pakeman basa nyaéta paribasa, babasan, rakitan lantip, cacandran, uga, caturangga, jeung panyaraman téh ngaronjat. Dina kamampuh siswa, sakabéh aspék peunteun katitén ngaronjat. Upamana dina kamampuh paribasa tina niléy 1 ngaronjat jadi 2, kamampuh dina babasan tina niléy 2 ngaronjat jadi 3, kamampuh dina rakitan lantip tina niléy 1 ngaronjat jadi 2, kamampuh dina cacandran tina niléy 1 ngaronjat jadi 2, kamampuh dina uga tina niléy 1 ngaronjat jadi 2, tuluy kamampuh dina caturangga jeung panyaraman tina niléy 1 ngaronjat jadi 2. Dina ieu aspék, siswa geus maham kana jinis-jinis nu aya dina pangajaran pakeman basa. Sacara leuwih jéntré, bédana kamampuh siswa saméméh jeung saenggeus dilaksanakeun modél *Project Based Learning* dumasar kana aspék peunteun katitén dina grafik 4.1.



Grafik 4.1

Bédana Kamampuh Awal jeung Ahir Siswa dina Aspék Peunteun Pakeman Basa

Keterangan:

P	: Paribasa
B	: Babasan
RL	: Rakitan Lantip
CC	: Cacandran

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPERIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

U : Uga
 CR : Caturangga
 PR : Panyaraman
 P1 : *Pretest*
 P2 : *Posttest*

Sabada ti éta, bédana *frekuensi* dina saméméh jeung saenggeus dilaksanakeun *treatment* bisa katitén dina tabél di handap.

Tabél 4.6

Frékuénsi Bédana Kamampuh Siswa

Interval	FP1	FP2	Kritéria
$X < 19$	0	0	Kurang Pisan
$19 < X \leq 44$	10	0	Kurang
$44 < X \leq 69$	22	4	Cukup
$69 < X \leq 94$	0	23	Hadé
$X > 94$	0	5	Hadé Pisan

Keterangan:

FP1 : *Frekuensi Pretest*

FP2 : *Frekuensi Posttest*


Dumasar tabél 4.6, katitén yén aya parobahan antara niléy kamampuh awal (*pretest*) jeung kamampuh ahir (*posttest*) siswa. Ditilik dina katégorisasi “Kurang Pisan”, kamampuh awal siswa euweuh nu asup kana katégori “kurang pisan”. Dina katégori “Kurang”, aya 10 urang nu asup kana katégori “Kurang”, sedengkeun dina *posttest* euweuh siswa nu asup kana katégori “Kurang”. Katégori kamampuh siswa anu ka katilu nyaéta “Cukup”, dumasar hasil *pretest* aya 22 urang nu asup kana katégori “Cukup”, sedengkeun dina *posttest* siswa dina katégori “Cukup” ngurangan jadi 9 urang. Dina katégori “Hadé”, dumasar hasil dina *pretest* euweuh siswa anu asup kana katégori “Hadé”, sedengkeun dina hasil *posttest* siswa téh ngaronjat ditilik tina sakabéh total siswa aya 23 nu asup kana katégori “Hadé”. Luyu jeung naon nu aya di lapangan yén siswa leuwih téréh dina ngaréngsékeun soal *posttest* ti batan dina *pretest*. Tuluy dina katégori “Hadé Pisan” hasil *pretest* siswa can aya siswa nu asup kana katégori “Hadé Pisan”, sedengkeun dina hasil *posttest* ngaronjat jadi 5 urang anu asup kana katégori “Hadé Pisan”. Luyu ogé jeung naon nu aya di lapangan, yén dina lumangsugna *treatment* aya sababaraha siswa dina

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPERIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

unggal kelompok nu aktif dina diskusi. Sangkan leuwih jéntré, bédana *frekuensi* saméméh jeung saenggeus dilakukeun modél *Project Based Learning* dina pangajaran pakeman basa bisa katitén dina grafik di handap.



Grafik 4.2

Bédana Kamampuh Awal jeung Ahir Siswa

Keterangan:

FP1 : *Frekuensi Pretest*

FP2 : *Frekuensi Posttest*

Hasil nu ngaronjat dina pangajaran pakeman basa ngaliwatan modél *Project Based Learning* dirojong ogé ku ayana hasil kuésionér ngeunaan modél *Project Based Learning* ka siswa. Anapon hasil kuésionér bisa katitén ngaliwatan diagram di handap.




Diagram 4.3

Modél PjBL Méré Kasempetan Maham Matéri Leuwih Hadé

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPERIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina hasil angkét ngeunaan “Naha pangajaran pakeman basa ngagunakeun modél PJBL méré kasempetan hidep pikeun maham materi leuwih hadé?” katitén yén aya 100% anu milih satuju, hartina sakabéh siswa sapamadegan yén modél *Project Based Learning* bisa méré kasempetan siswa pikeun maham matéri leuwih hadé.




Diagram 4.4

Minat Siswa kana Modél PjBL

Dina hasil angkét ngeunaan “Naha hidep kairut ku PJBL anu geus dilaksanakeun?” katitén yén aya 78.1% anu hartina aya 25 siswa anu kairut ku modél *Project Based Learning*. Sedengkeun 21.9% siswa atawa 7 urang anu teu kairut ku modél *Project Based Learning*.




Diagram 4.5

Modél PjBL Nyieun Siswa Leuwih Aktif

Dina hasil angkét ngeunaan “Naha pangajaran pakeman basa ngagunakeun modél PJBL nyieun leuwih aktif?” katitén aya aya 78.1% anu hartina aya 25 siswa anu miboga pamadegan yén modél *Project Based Learning* nyieun siswa leuwih aktif nalika diajar. Sedengkeun 21.9% atawa 7 urang siswa teu miboga pamadegan anu sarua.




Diagram 4.6

Diskusi Kelompok Méré Pamahaman Matéri tur Gampil dina Ngerjakeun Proyék

Dina hasil kuésionér ngeunaan “Kasempetan pikeun diskusi kelompok méré pamahaman matéri tur gampil dina ngerjakeun proyék?” katitén aya 90.6% atawa

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPERIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

29 urang anu miboga pamadegan yén diskusi kelompok téh méré kasempetan méré pamahaman anu leuwih jembar tur ngagampilkeun ogé dina ngerjakeun pancén proyék. Sedengkeun 9.4% atawa 3 urang siswa teu miboga pamadegan anu sarua.




Diagram 4.7

Tugas Proyék Nyieun Leuwih Kréatif

Dina hasil angkétngeunaan “Ku ayana tugas proyék nyieun hidep leuwih kréatif?” katitén aya 71.9% atawa 23 siswa anu satuju yén ku ayana tugas proyék nyieun siswa leuwih kreatif. Sedengkeun 28.1% atawa 9 urang siswa teu sapanuju jeung pamadegan nu sarua.

4.1.4 Uji Sipat Data

Dina ieu subbab miboga tujuan sangkan data hasil panalungtikan miboga data nu *valid*. Hasil tina uji sipat dina ieu panalungtikan ngawengku uji normalitas tina data saméméh jeung saenggeus dilaksanakeun modél *Project Based Learning* dina pangajaran pakeman basa.

4.1.4.1 Uji Normalitas

Uji normalitas dilakukeun pikeun mikanyaho naha data miboga distribusi normal atawa henteu. Data normal mangrupa syarat mutlak pikeun ngalakukeun

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPERIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


analisis statistik paramétrik (*Uji paired sample t-test* jeung *uji independent sample t-test*). Analisis statistik paramétrik tina uji normalitas anu ilahar dipaké nyaéta uji *Kolmogorov-Smirnov* jeung uji *Shapiro-Wilk*. Uji normalitas katitén dina tabél 4.11.

Tabél 4.7

Uji Normalitas

		Kolmogorov-Smirnov ^a			Shapiro-Wilk		
		Statistic	df	Sig.	Statistic	df	Sig.
Hasil	Pre-Test	.217	32	<,001	.865	32	<,001
Belajar	Post-Test	.243	32	<,001	.885	32	.021

Dumasar kana uji normalitas di luhur, nilai signifikansi (Sig.) pikeun data tina uji *Kolmogorov-Smirnov* jeung *Shapiro-Wilk* $< 0,05$. Kusabab jumlah siswa unggal kelas kurang ti 50, dina ieu uji normalitas ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk*. Hasil tina *Shapiro-Wilk* data *pretest* jeung *posttest* siswa ngahasilkeun signifikansi $< 0,05$, ku kituna bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan miboga distribusi teu normal. Sacara lengkep, data nu teu normal tina *pretest* jeung *posttest* katitén dina grafik 4.3.




Grafik 4.3

Grafik Uji Normalitas *Pretest*

Titik-titik pencar dina grafik di luhur miboga harti yén data *pretest* siswa teu ngadeukeutan garis kenormalan (diagonal). Hartina, data *pretest* siswa dina ieu

panalungtikan kaasup teu normal. Sedengkeun hasil uji normalitas *posttest* siswa katitén dina grafik 4.6.



Grafik 4.4

Grafik Uji Normalitas *Posttest*

Titik-titik pencar dina grafik di luhur miboga harti yén data *posttest* siswa teu ngadeukeutan garis kenormalan (diagonal). Hartina, data *posttest* siswa dina ieu panalungtikan kaasup teu normal.

4.1.4.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun mikanyaho mana hipotésis anu ditarima jeung hipotésis anu ditolak. Ieu panalungtikan miboga distribusi teu normal, ku kituna ngagunakeun uji *non-parametric* (*Uji Wilcoxon*) saperti dina tabél di handap.

Tabél 4.8

Uji Hipotésis

Test Statistics^a

	Pretest - Posttest
Z	-4.572 ^b
Asymp. Sig. (2-tailed)	<,001

a. Wilcoxon Signed Ranks Test

b. Based on negative ranks.

Sintia, 2024

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPERIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina tabél di luhur, kritéria nyokot kaputusan dina uji hipotésis bisa dijéntrékeun saperti di handap.

- a) Saupama niléy $\text{sig} \geq 0,05$ H^0 ditarima, H^1 ditolak.
- b) Saupama niléy $\text{sig} < 0,05$ H^1 ditarima, H^0 ditolak.

Dumasar tabel 4.12, katitén yén *Asymp. Sig (2-tailed)* miboga niléy $<0,001$. Kusabab niléy $<0,001$ mibanda hasil leuwih leutik tina niléy $0,05$, ku kituna bisa dicindekkeun yén “Hipotésis ditarima”. Ku kituna, aya bédana antara hasil diajar pangajaran pakeman basa dina *pretest* jeung *posttest* siswa. Hartina, aya bedana pikeun kamampuh siswa kelas VIII.D SMPN 2 Bandung samémeh jeung saenggeus ngagunakeun modél *Project Based Learning*.

4.2 Pedaran Panalungtikan

Dumasar kana hasil panalungtikan, kamampuh siswa samémeh dilaksanakeun modél *Project Based Learning* can mampuh maham kana pangajaran pakeman basa. Dina hasil tés kamampuh awal anu geus dilaksanakeun ka siswa dina pangajaran pakeman basa miboga rata-rata peunteun 51.

Saenggeus dilarapkeuna modél *Project Based Learning* kamampuh siswa dina pangajaran pakeman basa téh ngaronjat, katitén yén dina hasil ahir siswa hasilna hadé kalawan rata-rata peunteunna 83. Peunteun panggedéna nyaéta 100 jeung peunteun pangleutikna nyaéta 60. Hasil kamampuh ahir siswa ogé katitén tina tujuh aspék peunteun ngeunaan pakeman basa nyaéta paribasa, babasan, rakitan lantip, cacandran, uga, caturangga, jeung panyaraman. Ditilik kana aspék peunteun, skor panglobana tina aspék peunteun nyaéta unsur paribasa.

Dumasar tina hasil kamampuh awal jeung kamampuh ahir anu geus dilaksanakeun, katitén yén aya parobahan anu signifikan. Ieu hal luyu jeung panalungtikan saméméhna anu kungsi ditalungtik Umaeroh & Arianto, (2023) ngeunaan “*Pengaruh Project Based Learning (PjBL) Terhadap Kreativitas Pada Materi Proses Pembuatan Video Pendek Mata Pelajaran Teknik Pengelolaan Audio Video Kelas XI DKV SMK Negeri 1 Jabon*” anu nétélakeun yén dumasar larapna modél *Project Based Learning* tina mata pangajaran *Teknik Pengelolaan Audio*

Video, hasil nu dicangking nyaéta prosés tina dijieunna vidéo mibanda hasil tur kreativitas nu ngaronjat anu bisa ditilik tina hasil proyék siswa dina migawé vidéo pondok ngaliwatan hasil statistik nilai *posttest* anu leuwih hadé tina nilai *pretest*. Ieu hal némbongkeun yén dina migawé vidéo pondok siswa leuwih aktif sabab miboga kelompok anu bisa diajak diskusi. Antukna siswa jadi leuwih kréatif tur inovatif jeung migawé hiji proses sacara kolaborasi. Satuluyna panalungtikan Pratiwi spk., (2023) ngeunaan “*Implementasi Model Project Based Learning ada Pembelajaran IPS Abad 21 di Sekolah Dasar*” anu nétélakeun yén modél *Project Based Learning* mampuh ngaronjatkeun kaaktifan siswa dina prosés ngajieun peta dina mata pangajaran IPS. Anapon kaonjoyan tina ieu panalungtikan nyaéta siswa leuwih mampuh pikeun ngaronjatkeun komunikasi dina nepikeun hasil proyékna. Ieu hal némbongkeun yén salila prosés pangajaran dumasar kana proyék, siswa bisa leuwih nepikeun pamadeganana ka siswa nu séjénna.

Pikeun ngarajong data, ieu panalungtikan miboga data hasil kuésionér anu dilakukeun ka siswa. Hasil kuésionér nétélakeun sakabéh siswa satuju yén modél *Project Based Learning* méré kasempetan pikeun maham matéri leuwih hadé. Katitén yén aya 78.1% siswa anu kairut ku modél *Project Based Learning*, katitén aya 78.1% siswa anu satuju yén modél *Project Based Learning* nyieun siswa leuwih aktif dina prosés pangajaran, katitén 90.6% siswa anu miboga pamadegan yén diskusi kelompok méré pamahaman matéri tur ngagampilkeun ngerjakeun proyék ti batan maké métode konvensional, tuluy 71.9% siswa satuju yén dina ngerjakeun tugas proyék nyieun siswa leuwih aktif dina prosés pangajaran.

Sanggeus dilakukeun prosés uji normalitas nepi ka uji hipotésis, ieu panalungtikan ngahasilkeun H_1 ditarima. Hartina, bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan aya bédana nu signifikan antara kamampuh pangajaran pakeman basa saméméh jeung saenggeus dilakukeun modél *Project Based Learning*. Ku kituna, modél *Project Based Learning* éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran pakeman basa, katitén yén hasil saenggeus dilakukeun modél *Project Based Learning* bisa leuwih ngaronjat tibatan pangajaran ngagunakeun métode konvensional. Ku kituna, modél *Project Based Learning* bisa ngaronjatkeun

kamampuh siswa kana hasil diajar anu leuwih hadé hususna dina pangajaran pakeman basa.

Saenggeus niténan hasil ieu panalungtikan, modél *Project Based Learning* mangrupa modél pangajaran anu mibanda poténsi lega pikeun ngajembarkeun pangalaman diajar anu leuwih ngirut jeung méré mangpaat pikeun siswa tur méré lolongkrang ka siswa pikeun ngokolakeun pangajaran dina nepikeun aspirasi di kelas ku cara ngalibetkeun gawé proyék.

Ku kituna, modél *Project Based Learning* bisa ngarobah siswa pikeun leuwih kréatif jeung maham kana matéri nu dipedar, sangkan sakumna siswa bisa ngalaksanakeun pangajaran kalawan hadé sarta meunang niléy anu leuwih ngaronjat tina niléy saméméhna.